



Pou Piblikasyon Imedya: 12/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APWOBASYON SIPLEMANTÈ POU ASISTANS FEDERAL POU KATASTWÒF APRE EVALYASYON DOMAJ KONJWENT PRELIMINÈ NAN PLIZYÈ KONTE RÈS SIKLÒN IDA A TE AFEKTE**

***Konte Suffolk ak Sullivan kounye a kalifye pou finansman federal nan kad Deklarasyon Katastwòf Majè, ki sipòte gouvènman lokal yo pou rekonstwi enfrastrikti ak enstalasyon piblik inondasyon te afekte nan kòmansman mwa sa a***

***Tou de Konte ke gouvènman federal la kalifye yo pral resevwa asistans piblik; Konte Suffolk kalifye tou pou pwogram asistans endividyèl la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Konte Suffolk ak Sullivan apwouve pou yo ajoute yo nan Deklarasyon Katastwòf Majè ki te deklare anvan an akòz inondasyon devastatè rès Siklòn Ida te lakòz nan kòmansman mwa sa a. Apwobasyon an chita sou evalyasyon domaj konjwent ke Eta New York ak Ajans Jesyon Ijans Federal la fè. Tou de konte yo kounye a elijib pou resevwa ranbousman finansye federal la pou asistans piblik pou ede minisipalite yo rekipere ak rekonstwi enfrastrikti ak etablisman piblik yo; Konte Suffolk kalifye tou pou Pwogram Asistans Endividyèl la.

Konte siplemantè yo deja apwouve pou asistans piblik nan kad deklarasyon an, sa gen ladan Konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Queens, Richmond ak Westchester. Konte Bronx, Kings, Nassau, Queens, Richmond ak Westchester kalifye tou pou asistans endividyèl ki bay soulajman dirèk pou moun ak mèt kay yo.

"N ap travay san pran souf avèk patnè nou yo nan tout nivo gouvènman an pou asire fanmi ak kominote yo rekipere anba efè Ida yo epi jwenn èd yo bezwen pou rekonstwi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou toujou gen travay pou nou fè epi avèk Konte Suffolk ak Sullivan ki kounye a kalifye pou finansman federal, mwen vle remèsye Prezidan Biden ak FEMA pou sipò kontinyèl yo ak dèske yo bay resous enpòtan sa yo pou Nouyòkè ki nan nesosite yo".

**Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare,** "Mwen kontan demann Konte Suffolk pou yon Deklarasyon Katastwòf Majè ki soti nan FEMA te apwouve byen rapid pou nou kapab bay gwo soulajman pou plizyè milye biznis ak rezidan ki bezwen reparasyon esansyèl apre Siklòn Ida a. Mwe apresye kolaborasyon Eta New York pandan n ap kontinye rekipere anba evènman meteyowolojik ekstrèm sa a".

**Manadjè Konte Sullivan, Joshua Potosek, te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li respekte pwomès li pou pote bay Nouyòkè yo resous yo bezwen pou rekipere. Siklòn sa a te youn pou liv istwa, epi kominote yo atravè konte nou an ak eta sa a depann de lidèchip konpatisan pandan y ap eseye rekonstwi lavi yo".

Gouvènè Hochul ak Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan kontinye travay avèk patnè federal, eta ak lokal yo pou asire Nouyòkè yo jwenn resous ak asistans pou rekipere konplètman anba efè devastatè Siklòn Ida. Evalyasyon Domaj Preliminè yo ap kontinye fèt nan konte siplemantè ke Ida te afekte yo epi Eta a pral mande pou konte siplemantè yo resevwa asistans, si yo elijib.

Yon Deklarasyon Katastwòf Majè, jan Gouvènè a te mande li ak jan Prezidan Etazini an te siyen li, pèmèt asistans finansye ki soti kote gouvènman federal la pou bay soulajman pou katastwòf ak pèmèt kominote yo rekipere swa atravè asistans piblik oswa atravè yon konbinezon asistans piblik ak endividyèl. Asistans piblik la bay asistans ijans pou sove lavi ak pwoteje pwopriyete ansanm ak finanse aktivite tankou retire debri, ak reparasyon nan bilding ak enfrastrikti piblik tankou wout, lekòl, pon, lekòl, pak, lopital, estasyon lapolis, ponpye, etablisman dlo ak tretman dlo sal ak lòt etablisman piblik yo.

Asistans endividyèl la bay sipò dirèk pou moun ak mèt kay yo. Nouyòkè yo gendwa kapab resevwa fon tou pou lòt depans ak bezwen enpòtan pou moun ki pa asire oswa ki pa byen asire ke katastwòf la lakòz tankou reparasyon oswa ranplasman pwopriyete pèsonèl oswa fon pou deplase ak estoke oswa swen medikal, dantè ak gadri. Mèt kay yo ak lokatè yo ta dwe fè tout efò pou dokimante pèt yo. Nan konte ki kalifye pou asistans endividyèl yo, mèt kay ki kalifye yo pral travay dirèkteman avèk FEMA pou jwenn finansman. Asistans lan kapab gen ladan fon pou inite lojman tanporè, lojman ak reparasyon ale, konsèy nan sitiyouon kriz, asistans pou chomaj ak sèvis jiridik.

Gouvènè Hochul [te anonse anvan lansman nouvo sant resous sou entènèt](#) pou Nouyòkè ki afekte yo, disponib nan [ny.gov/lda](http://ny.gov/lda). Sant lan bay enfòmasyon sou pwogram asistans ki disponib yo ak kote pou jwenn sèvis tankouabri epi aksè ak manje. Yo pral mete enfòmasyon sou sit la ajou amezi gen plis resous pou Nouyòkè yo ki vin disponib. Anplis de sa, Eta a ap fè patenarya avèk Vil New York pou sipòte Sant Sèvis Rekiperyasyon yo, ki chèche sipò responsab eli yo ki reprezante kominote ki afekte yo epi pral bay enfòmasyon sou tout resous ak asistans ki disponib yo.

Gouvènè Hochul te repati 378 milyon dola tou nan finansman pou rediksyon danje ki te bay anvan ki soti nan FEMA ki konsakre pou ranfòse enfrastrikti Eta New York kont kondisyon meteyowolojik ekstrèm.

Gouvènè Hochul ankouraje responsab lokal yo nan konte ki afekte yo pou kontinye travay ak jesyonè ijans konte yo a pou soumèt nenpòt bezwen resous dirèkteman nan NY Responds (NY Reponn), sistèm ki baze sou entènèt eta a ki pèmèt gouvènman lokal ak ajans eta yo soumèt epi pataje enfòmasyon vital ki gen rapò ak ijans ak demann pou resous.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)